



# GRIP LA ISIT LA

PRAN VAKSEN AN,  
PA PRAN GRIP LA

## EVITE EPI PWOTEJE

Pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak lòt moun se lè ou pran vaksen kont grip la.

- Yo modifiye vaksen an chak ane pou pwoteje w kont nouvo viris yo.
- Tout moun ki genyen laj 6 mwa oswa pi plis ta dwe pran vaksen grip la chak ane. Timoun ki genyen pi piti pase 6 mwa twò piti pou vaksen an; moun ki okipe yo ta dwe asire yo pran vaksen.
- Pran vaksen kont grip ou an san pèdi tan. Men menmsi ou pran vaksen an nan pita, li pi bon pase si w pa pran l ditou.

---

## PA TRANSMÈT JÈM YO




Kouvri bouch ou ak nen w avèk andedan koud ou lè w ap touse oswa lè w ap etènne. Pa itilize men w.



Lave men w ak savon.

## SENTÒM YO GEN LADANN



Fyèb




Tous



Gòj fèmal



Tèt fè mal



Kò fè mal



Feblès

---

## JWENN PLIS ENFÒMASYON

- Influenza (grip) se yon enfeksyon respiratwa danjre ki simaye fasil ba lòt moun.
- Influenza kapab fè menm moun ki an sante vin malad grav. Li kapab lakòz pwoblèm sante, tankou nemoni.
- Grip la kapab fè pwoblèm sante ou genyen deja, tankou maladi kè, opresyon ak dyabèt, vin pi mal.
- Chak ane, plizyè milye Nouyòkè mouri aprè yo fin trape grip la. Grip la te grav anpil sezon pase a. Te genyen plis pase 700,000 moun ki entène lopital akòz grip nan peyi a, rekò ki pi wo ki poko te janm genyen depi lè gouvènman an te kòmanse swiv enfòmasyon sa a nan lane 2003.\*
- Pandan sezon grip 2017-2018 la, 180 timoun ameriken te mouri ak grip la.\* Nan Vil New York sèlman, senk timoun te mouri ak grip.\*\*

\*Sous: Rezime Sezon Grip pou lane 2017-2018 la. Sant Prevansyon ak Kontwòl Maladi nan Etazini. <https://www.cdc.gov/flu/about/season/flu-season-2017-2018.htm>. Konsilte nan dat 26 septanm 2018.

\*\*Sous: Rapò Siveyans Chak Semèn sou Grip la Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York. <https://www1.nyc.gov/site/doh/providers/health-topics/flu-alerts.page>. Konsilte nan dat 26 septanm 2018.

## **PRAN YON VAKSEN KONT GRIP GRATIS OSWA POU PRI KI BA**

Poze pwofesyonèl swen sante ou an kesyon sou vaksen kont grip la. Pifò plan asirans yo, ansanm ak Medicaid la, peye pou vaksen an.

Ale nan famasi ki pi pre w la — anpil nan yo ofri vaksen kont grip pou granmoun epi kèk nan yo kapab vaksinen timoun ki gen omwens 2 zan.

Tcheke si kote w ap travay ou an bay vaksen an.

Ale nan klinik vaksinasyon Depatman Sante oswa nan yon klinik oswa lopital ki anba kontwòl Minisipalite Vil la. Enstitisyon sa yo bay vaksen yo gratis kont grip la pou tout pasyan ak vizitè.

Chèche enstitisyon ki bay vaksen pa katye oswa pa kòd Postal lè w rele **311**, al gade nan [nyc.gov/flu](https://nyc.gov/flu) oswa tekste 'flu' nan mesaj tèks bay **877877**.

### **Èske w te konnen?**

Tout timoun ki genyen ant laj 6 mwa jiska 5 kan ki ale nan gadri oswa lekòl matènèl ki otorize nan New York, yon Head Start (Pwogram Demaraj) oswa pre-matènèl dwe pran youn nan dòz vaksen kont grip la ant 1ye jiyè ak 31 desanm chak ane.

## **SI W TRAPE GRIP LA**

Pa pran risk bay lòt moun grip la. Rete lakay ou epi evite kontak dirèk ak lòt moun jiskaske fyèv ou an ale pandan omwen 24 èdtan san ou pa pran okenn medikaman nan vant lib.

Poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon osijè antiviris, medikaman ki kapab trete grip la. Yo kapab ede w geri pi vit epitou yo kapab anpeche maladi grav.

## **MOUN KI GENYEN PI GWO RISK POU KONPLIKASYON GRIP LA GEN LADANN**

- Fanm ansent
- Timoun ki genyen pi piti pase 5 lane (espesyalman sila yo ki genyen pi piti pase 2 zan)
- Granmoun ki genyen 50 lane oswa pi plis (espesyalman sila ki genyen 65 lane ak plis)
- Moun ki genyen kèk pwoblèm sante, tankou:
  - Dyabèt
  - Maladi nan kè ak nan poumon
  - Opresyon
  - Anemi falsifòm
  - Maladi nan fwa ak nan ren
  - Twoub metabolik
  - Sistèm iminitè ki afebli, tankou trètman kansè oswa VIH
  - Twoub ki kapab lakòz pwoblèm respiratwa, tankou kriz, ak twoub nève ak miskilè.
- Moun ki gen twòp pwa
- Timoun oswa adolesan (ant laj 6 mwa jiska 18 lane) k ap resewa trètman aspirin ki dire anpil tan.
- Moun k ap viv nan mezon retrèt oswa nan lòt sant sante
- Amerendyen ak Natifnatal Alaska

**Li trè enpòtan pou pran vaksen an si w se yon pwofesyonèl swen sante oswa w ap pran swen yon moun ki nan youn nan kategori a risk ki mansyone anlè a.**



Jwenn kote pou w vaksinen:  
Vizite [nyc.gov/flu](https://nyc.gov/flu).



Jwenn plis enfòmasyon: Al gade nan  
[cdc.gov/flu](https://cdc.gov/flu).



Swiv vaksen pitit ou an pandan w ap  
itilize Kanè Vaksinasyon Mwen an: Al  
gade nan [nyc.gov/myvaccinerecord](https://nyc.gov/myvaccinerecord)  
pou jwenn plis enfòmasyon.

 @nychealthy

 nychealth

 @nychealthy